

FAFSA - Kisa tèm sa yo vle di

Kèk tèm komen ak akwonim konnen ki nan
FAFSA a ke ou dwe konnen



Award Amount: Kantite lajan ke yon lekòl sipoze bay yon elèv ki baze sou sibvansyon ak prè aktyèl ke elèv la kalifye pou li resevwa, enskripsyon pou ane lekòl, Kontribisyon Fanmi an sipoze bay (EFC) avek kantite kòb lekòl la koute (COA).

Cost of Attendance (COA): Kantite lajan total ke lekòl la ap koute, anjeneral, pa ane. COA an gen ladan lajan pou peye lekòl ak frè; pri chanm ak pansyon (oswa yon lojman ak pri mange); ak kob pou liv, founiti klasik, transpò, frè prè ak kòb swen pou dependan si elev la gen timoun lap okipe.

Data Release Number (DRN): Nimewo sa genyen kat-chif selman ke FAFSA a ba ou ki ap pèmèt ou voye aplikasyon ou a nan tout inivèsite oubyen lekòl profesyonèl ke ou pap ka ajoute nan premye lis la le ou tap chwazi lis lekòl out e renmen ale yo. Ou ap bezwen nimewo sa a si ou ap kontakte Sant Federal la Elèv Èd Enfòmasyon pou fè koreksyon nan adrès postal ou. Wap jwenn nimewo sa anba nimewo konfimasyon nan paj konfimasyon le ou fini soumèt FAFSA ou oswa nan tet paj la a dwat (SAR).

Expected Family Contribution (EFC): Sa a baze sou enfòmasyon finansyèl ou bay nan aplikasyon FAFSA le wap mete kantite kòb elèv la oubyen paran an fè pou ane a, se nimewo sa ya itilize pou detèmine ki kantite kòb ou ka resevwa nan èd finansyèl federal la.

Federal Pell Grant: Yon sibvansyon federal pou elèv ki nan inivèsite ki bezwen èd pou peye lekòl la. Yon Grant Pell se youn nan tip de pwogram èd finansyèl yo ofri elèv ki nan inivèsite. Ed sa baze sou bezwen finansyèl elèv la, ou pa bezwen remèt kòb sa (sòf si, pa egzans, ou kite lekòl la oswa ou dwe yon ranbousman nan inivèsite a).

Federal Student Loan: Yon prè ki te fonde pa gouvènman federal la ede peye pou edikasyon ou yo. Yon prè federal elèv prete lajan ou dwe peye ak yon enterè.

Federal Work-Study: Yon pwogram èd federal la ki ofri elèv yo travay a tan pasyèl pou ede elèv la peye depans edikasyon li pandan li pral lekòl.

Financial Aid Offer/Package: Kantite total èd finansyèl (federal ak nonfederal) se yo ofri yo elèv ki deside ale nan inivèsite oswa lekòl profesyonèl. Biwo èd finansyèl lekòl la konbine divès kalite fòm nan èd nan yon "pake" nan ede yo satisfè depans edikasyon yon elèv.

Financial Need: Diferans ki genyen ant pri lekòl la (COA) ak kontribisyon fanmi an kay bay (EFC). Pri lekòl yo (COA) varye de lekòl an lekòl, EFC ou a pap chanje kelkeswa nan lekòl ou ale an.

FSA ID: Yon non itilizatè ak modpas ki sèvi kòm idantifikasyon pou yon elèv oswa paran an ki pèmèt divès Depatman Etazini nan sistèm Edikasyon gen aksè ak enfòmasyon pèsònèl ou. Li menm jan ak yon siyati dijital pou FAFSA a ak lòt fòm sou entènèt.

Student Aid Report (SAR): Yon rezime de tout enfòmasyon pèsònèl elèv la ki nan aplikasyon FAFSA a.

Ale sou www.FAFSAfirst.org pou plis enfòmasyon

